

# Sant Resous Asirans pou Otis ak Sante Konpòtmantal



Eunice Kennedy Shriver Center

Insurance Resource Center for Autism and Behavioral Health

@IRCABH  
774-455-4056

www.massairc.org  
airc@umassmed.edu



Foto rekadre de yon gwoup moun ki pa idantifye k ap kenbe men youn ak lòt.

## Kijan pou fasilite Pwosesis Renouvèlman MassHealth

Pwosesis renouvèlman ak redeterminasyon kouvèti MassHealth fèt chak ane pou tout manm MassHealth yo, nan objektif pou konfime si yo toujou kalifye pou asirans sante yo genyen aktyèlman an.

### Kijan pou fasilite pwosesis renouvèlman MassHealth yo:

1. **Metè enfòmasyon kontak ou yo ajou.** Asire w MassHealth gen adrès, nimewo telefòn ak imel ou ki ajou, yon fason pou w pa rate okenn enfòmasyon enpòtan ak avi MassHealth ap voye ba ou.
2. **Rapòte nenpòt chanjman ki fèt nan kay la.** Sa ka yon nouvo travay, yon nouvo adrès, yon chanjman nan revni w, yon nouvo estati andikap, oubyen yon gwosès. MassHealth vle asire li gen enfòmasyon ki pi resan sou ou menm ak tout lòt moun ki nan kay ou. Tout chanjman dwe rapòte nan yon peryòd 10 jou.
3. **Kreye yon kont Login MA.** Yon kont Login MA se mwayen ki pi rapid pou renouvle kouvèti MassHealth ak Health Connector ou genyen an, mete enfòmasyon ou ajou, epi rapòte nenpòt chanjman nan kay ou. Manm aktyèl yo ki gen mwens pase 65 lane kapab kreye yon kont lè yo swiv lyen ki sou do avi MassHealth voye ba yo, oubyen lè yo ale sou sit entènèt sa a [www.mass.gov/masshealth-ma-login-accounts](http://www.mass.gov/masshealth-ma-login-accounts)
4. **Li tout kourye MassHealth voye ba ou yo.** MassHealth ap voye pa lapòs enfòmasyon sou kouvèti sante ou ki ka mande w fè sèten aksyon pou kenbe kouvèti w genyen kounye a. Veye yon anvlop ble nan kourye w resevwa yo, epi note dat limit enpòtan yo.




Li gason andikape ak yon fi fi otis k ap aprann kolorye/penn lekòl la

## Kisa pou w chèche nan lèt MassHealth voye ba ou yo?

MassHealth eseye renouvle otomatikman anpil manm lè yo konpare enfòmasyon ki nan kont yo ak lòt sistèm leta ak sistèm federal yo. Sa vle di moun ki resevwa MassHealth atravè Supplemental Security Income (SSI), ansanm ak kèk lòt manm, souvan ap renouvle otomatikman epi yo pap bezwen fè yon renouvèlman konplè. Manm sa yo kapab resevwa yon anvlòp blan ki gen gwosè nòmal. **Remak:** pou rezon konfidansyalite, adrès moun ki voye a pap janm make MassHealth! Li ka make "Document Processing Center" oswa "Electronic Data Management". **An rezime, tanpri ouvri tout kourye ou resevwa.**

Si ou oblije fè yon renouvèlman, ou pral pwobableman resevwa yon anvlòp ble ki sanble ak sa a:



## Kijan pou ranpli renouvèlman an?

Si w resevwa yon anvlòp ble, ou gen **45 jou** pou fè renouvèlman an, men pa pèdi tan. Asire w fè renouvèlman an pi vit posib nan youn nan fason sa yo:

- Ranpli fòm ki deja pre-ranpli ki nan anvlòp lan. Apre sa, ou ka retounen demann lan ki byen ranpli bay MassHealth pa lapòs oswa pa faks. (Si w voye l pa lapòs, pa bliye fè yon kopi pou dosye pèsonèl ou).
  - Kourye lapòs: Health Insurance Processing Center PO Box 4405 Taunton, MA 02780
  - Voye pa faks demann ou an ki byen ranpli epi ki siyen nan nimewo sa a: (857) 323-8300
- Si w se yon manm ki poko gen 65 lane e w gen yon kont (login) nan MA Health Insurance Exchange (HIX), ou kapab fè renouvèlman an sou entènèt la.
  - <https://www.mahix.org/individual/>
- Ou kapab rele MassHealth epi fè renouvèlman an pa telefòn.
  - 800-841-2900
- Pran yon randevou sou entènèt pou yon apèl videyo oubyen telefòn avèk yon reprezantan MassHealth :
  - <https://access.masshealth.mass.gov/appointmentscheduler>
- Jwenn yon konseye lokal otorize oswa yon navigatè ki ka ede w nan demach aplikasyon travay yo:
  - <https://my.mahealthconnector>
- Rele Insurance Resource Center for Autism and Behavioral Health la nan 774-455-4056.

## Èske ou dwe bay plis dokiman?

Lè ou fin fè renouvèlman an, MassHealth ka mande w lòt enfòmasyon anplis pou verifye yon detay ou te bay pandan renouvèlman an. Pa egzanp, li ka mande w prè revni oswa prè rezidans. (Al gade nan: <https://www.mass.gov/info-details/masshealth-and-health-connector-acceptable-verifications-list>)

Si w fè renouvèlman ou sou entènèt oswa avèk yon moun k ap ede w, w ap konnen imedyatman si MassHealth mande lòt enfòmasyon anplis. Asire w bay enfòmasyon sa yo pi vit posib. Ou gen yon delè **90** jou pou fè sa, men si w **poko voye prè revni w yo**, MassHealth p ap kòmanse peye avantaj potansyèl yo jiskaske yo fin trete prè revni ou bay la.

## Kijan pou voye yon pwè?

Fason ki pi rapid pou fè sa se soumèt dokiman ou yo atravè **kont sou entènèt ou an**.

- Pou enstriksyon yo: <https://www.mahealthconnector.org/help-center>
- Si w bezwen èd pou jwenn aksè nan kont ou sou entènèt, rele Health Connector nan nimewo 1-877-623-6765.

Ou kapab tou voye prè dokiman ou yo pa **faks**:

- 857-323-8300

Ou kapab voye l nan **kourye lapòs**:

- Health Connector Processing  
Center P.O. Box 4404  
Taunton, MA 02780

**Pa bliye konsève yon kopi tout dokiman ou voye yo.**

**Remak: Pou paran oubyen responsab jèn ki gen 18 lane oswa plis yo:**

- Ou ka soumèt yon **fòm desiyasyon reprezantan otorize ki rele Authorized Representative Designation (ARD)** bay MassHealth, pou w ka fè mizajou sou kont yo nan non yo epi resevwa kopi avi ki voye ba yo.
- **Fòm ARD:** <https://www.mass.gov/doc/authorized-representative-designation-form-1/download>
  - *Ou ka telechaje l sou kont HIX la (si ou genyen youn), voye l pa faks, oubyen voye l pa lapòs*
- Jan fòm ARD a endike l, si yon moun otorize pa lalwa pou aji nan non manm lan, yon kopi dokiman legal ki aplikab la (sa vle di, prè gadyen legal) dwe voye ansanm ak fòm ARD la.



***Pou kapab jwenn plis enfòmasyon ak asistans, kontakte CRI nan 774-455-4056 oswa voye yon imel nan [airc@umassmed.edu](mailto:airc@umassmed.edu)***

***Fich enfòmasyon sa a disponib sou sit entènèt nou an nan [www.massairc.org](http://www.massairc.org),***

**Eskane kòd QR la pou konsilte fich enfòmasyon sa a anliy**



**<https://bit.ly/4gaJNCe>**

---

**Sant Resous Asirans pou Otis ak Sante Konpòtmantal** (Insurance Resource Center for Autism and Behavioral Health) se yon pwogram Eunice Kennedy Shriver Center. Sant la resevwa finansman an pati atravè sibvansyon ak kontra ki soti nan Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Sosyal Massachusetts (EOHHS), Depatman Sèvis Devlopmantral Massachusetts (DDS), Depatman Sante Mantal Massachusetts (DMH), Depatman Edikasyon Elemantè ak Espesyal Massachusetts (DESE), Depatman Sante Piblik Massachusetts (DPH), Fondasyon Nancy Lurie Marks Family, Fondasyon Doug Flutie Jr. pou Otis, Bailey's Team for Autism, Blue Cross Blue Shield Foundation of Massachusetts, Boston Children's Hospital, ak UMass Chan Medical School. **Feyè enfòmatif sa a te aktyalize pou dènye fwa an 02/2025.**

UMass Chan Medical School

55 Lake Avenue North Worcester, MA 01655-0002 **Copyright © 2025 University of Massachusetts - Tout dwa rezève.**